


GID POU



SITWAYEN

pou Règleman Itilizasyon
Teren Ajans Pak Adirondack



ETA NEW YORK
AJANS PAK ADIRONDACK

Andrew M. Cuomo, *Gouvènè*
Leilani Crafts Ulrich, *Prezidan*
Terry Martino, *Direktè Egzekitif*

ORYANTASYON AK

ASISTANS

Ajans Pak Adirondack kontwole devlopman sou teren prive ki nan Pak Adirondack. Anvan ou devlope pwopriyete ou, ou ka bezwen yon pèmi nan APA. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri li gid sa a epi kontakte anplwaye Ajans lan nan telefòn oswa an pèsòn.

Menm jan avèk nenpòt pwojè devlopman nan Eta New York, plis pase yon pèmi ka nesè pou aktivite ou pwopoze a. Tanpri kontakte lòt ajans eta yo ak biwo ti vil oswa vilaj zòn ou konsènan lòt règleman ak kondisyon pou pèmi ki ka aplike pou pwojè ou pwopoze a.

Gid pou Sitwayen pou Règleman Ajans Pak Adirondack pou Itilizasyon Teren ap ede ou vin abitye avèk règleman Ajans lan ki konsène teren prive ki andedan Pak Adirondack, epitou l ap ede ou lè ou rele Ajans lan pou kesyon ou genyen yo. Gid sa a ka pa reponn tout kesyon ou yo, ni li pa ka ba ou ase enfòmasyon pou detèmine si ou bezwen yon pèmi oswa si ou pa bezwen youn. Tanpri rele Ajans lan oswa vizite nou an pèsòn oswa ale sou Entènèt nan sitwèb nou an; n ap kontan ede ou.

SA KI NAN LIV LA

Gwo Deskripsyon

| | |
|---|---|
| Enfòmasyon sou Pak la | 1 |
| Enfòmasyon sou Ajans Pak Adirondack | 1 |
| Sa Ajans lan PA ye | 1 |

Kote Tout Bagay Kòmanse

| | |
|-------------------------------------|---|
| Klasman Zòn Itilizasyon Teren | 2 |
|-------------------------------------|---|

Entèpretasyon Zòn Anviwònman Enpòtan.....

| | |
|---------------------------------|---|
| Litoral, Riviyè ak Pyebwa | 6 |
|---------------------------------|---|

Pwosesis pou Pèmi

| | |
|--|---|
| Ranseyman sou Konpetans | 8 |
| Pwosesis pou Pèmi | 8 |
| Lè yo fè Odyans Piblik yo? | 8 |
| Apwobasyon yon Pwojè | 8 |
| Kondisyon | 9 |
| Lòt Pèmi | 9 |
| Desizyon Ajans lan Kapab Konsidere | 9 |
| Aplikasyon | 9 |


Lis Kontwòl pou Pèmi Pwojè

Nòt

Fason pou Kontakte Ajans lan

(518) 891-4050

NEW YORK STATE
ADIRONDACK PARK
AGENCY P.O. Box 99
Ray Brook, New York 12977
www.apa.ny.gov



GWO DESKRIPSYON



Pak la, yon gwo abri natirèl, gen distans yon jounen pou 70 milyon sitwayen Etazini ak Kanada.



Enfòmasyon sou Pak la

Eta New York te kreye Pak Adirondack (“Pak”) nan ane 1892 nan mitan enkyetid resous dlo ak bwa konstriksyon rejon an. Jodi a, Pak la se pi gwo zòn ki pwoteje pou piblik la nan pati Etazini ki sou kontinan an, pi gwo nan dimansyon pase Pak Yellowstone, Everglades, Glacier, and Grand Canyon National Parks mete ansanm, epi li kapab konpare avèk dimansyon tout eta Vermont. Limit Pak la gen ladan apeprè 6 milyon ak-tè, 48 pousan ki se pou tout moun Eta New York epi pwoteje dapre konstitisyon an pou rete yon rezèv forè “sovaj toutan”. Rès 52 pousan an se teren prive ki gen ladan vilaj, bitasyon agrikòl, teren bwa konstriksyon, biznis, kay ak kan.

Enfòmasyon sou Ajans Pak Adirondack

Lejislati Eta New York te kreye Ajans Pak Adirondack (“APA”) nan ane 1971 pou devlope plan itilizasyon teren alontèm pou ni teren piblik ni teren prive ki nan limit Pak la, ki rele souvan “Blue Line.” Ajans lan te prepare Plan-Direktè Teren Eta a, yo te siyen an lwa nan ane 1972, epi Plan Itilizasyon ak Devlopman Teren Pak Adirondack (“APLUD”) te vini apre li nan ane 1973. Yo revize toulède plan yo chak peryòd pou montre chanjman ki fèt yo ak dènye tandans

ak kondisyon yo. Ajans lan ap fè efò pou konsève resous natirèl Pak la, epi l ap asire devlopman an byen planifye nan administrasyon Lwa Ajans Pak Adirondack (ki gen ladan APLUDP ak règleman yo pran ladan), Lwa Eta New York pou Marekaj Dlo Dous, ak Lwa Eta New York pou Sistèm Rivyè Sovaj, Panoramik ak Lwazi.

APA se yon ajans nan gouvènman Eta New York, ki gen ladan 65 anplwaye ak yon konsèy onz manm. Se Gouvènè a ki lonmen uit nan manm sa yo. Lòt twa manm yo se Sekretè-Deta a, Komisyonè Pwoteksyon Anviwònman, ak Komisyonè Devlopman Ekonomik la. Konsèy Ajans lan pran desizyon sou pwoblèm règleman Pak la ak aplikasyon pou pèmi pandan reyinyon Ajans lan, ki fèt chak mwa epi ki lib pou piblik la asiste.

APA gen biwo li yo nan Ray Brook, NY, mwaye wout ant vilaj Lake Placid ak Saranac Lake.

Sa Ajans Pak la PA ye

- APA, nan tèt ansanm avèk Depatman Eta New York pou Konsèvasyon Anviwònman (“DEC, Department of Environmental Conservation”), responsab pou devlope ak antreteni yon plan-direktè pou itilizasyon tout teren leta ki nan Pak la. APA PA jere teren leta sa yo; swen, lagad ak kontwòl teren leta yo se responsablite DEC.
- Ajans lan PA jere teren kan piblik ki nan Pak Adirondack. Tanpri kontakte DEC pou jwenn enfòmasyon sou teren kan an.
- Ajans lan PA achte teren sou non Eta New York. Yon fwa ankò, tanpri kontakte DEC.
- Ajans Pak la PA detèmine valè teren ou. Tanpri kontakte evalyatè ti vil oswa vilaj ou.

KOTE TOUT BAGAY KÒMANSE



Klasman Zòn Itilizasyon Teren

Pwosesis pou detèmine fason règleman Ajans lan aplike nan devlopman sou teren prive yo kòmanse avèk yon egzamen fason yo klase teren an.

Kisa klasman vle di?

Nan Plan Itilizasyon ak Devlopman Teren Pak Adirondack (“APLUDP, Adirondack Park Land Use and Development Plan”), tout teren prive ki nan Pak la klase an sis (6) kategori, ki idantifye dapre koulè ki sou kat Plan Pak la: hamlet (mawon), itilizasyon entansite modere (wouj), itilizasyon entansite fèb (oranj), itilizasyon riral (jòn), jesyon resous (vèt) ak itilizasyon endistriyèl (violet).

Klasman yon zòn patikilye (ki detèmine lè yo te devlope Plan an) depannde faktè tankou:

- itilizasyon teren ki la deja ak modèl kwasans popilasyon;
- limit fizik ki asosye avèk sòl, pant ak altitud;
- patikilarite inik tankou gòj ak chit-dlo;
- konsiderasyon byolojik tankou abita natirèl, plant oswa bèt ki ra oswa ki menase, marekaj ak ekosistèm frajil; ak
- konsiderasyon piblik tankou espas istorik, ki toupre teren enpòtan leta, ak bezwen pou pwoteje karaktè espas lib Pak la.

Objektif sistèm klasman se pou konsantrè kwasans lan nan zòn kote li kapab pi byen sipòte epi pou diminye nèt fason devlopman an ap gaye nan zòn ki mwen apwopriye pou sipòte kwasans

lan. Sa ki annapre a se klasman zòn itilizasyon teren dapre APLUDP, ak yon deskripsyon jeneral objektif yo:

HAMLET

Sa yo se sant kwasans ak sèvis Pak la kote Ajans lan ankouraje devlopman. Yon fason entansyonèl, Ajans lan gen ti kantite kondisyon pèmi nan zòn hamlet yo. Aktivite la a ki mande yon pèmi Ajans lan se konstriksyon bilding oswa estrikti ki depase 40 pye nan wotè, pwojè ki gen ladan plis pase 100 pasèl teren, anplasman oswa inite, pwojè ki konsènen marekaj, ayewopò, pwojè jesyon liy pataj dlo, ak sèten agrandisman bilding ak itilizasyon. Anjeneral, limit Hamlet yo depase espas yo kreye pou bay plas pou agrandisman pivevan.

ITILIZASYON ENTANSITE MODERE

Pifò itilizasyon yo otorize; devlopman rezidansyèl ki gen konsantrasyon relatif pi apwopriye.

ITILIZASYON ENTANSITE FÈB

Pifò itilizasyon otorize; devlopman rezidansyèl nan yon entansite ki pi fèb pase hamlet oswa entansite modere apwopriye.

ITILIZASYON RIRAL

Yo aksepte pifò itilizasyon yo; itilizasyon rezidansyèl ak devlopman entansite redui ki pwoteje karaktè riral pi apwopriye.

JESYON RESOUS


Pifò aktivite devlopman nan zòn jesyon resous ap egzije yon pèmi Ajans lan; itilizasyon konpatib yo gen ladan itilizasyon rezidansyèl, agrikilti ak forè. Yo pran prekosyon espesyal pou pwoteje karaktè espas natirèl lib teren sa yo.

ITILIZASYON ENDISTRIYÈL

Sa se kote itilizasyon endistriyèl yo egziste oswa te egziste, ak zòn ki ka apwopriye pou devlopman endistriyèl pivevan. Yo bay pèmision pou itilizasyon endistriyèl ak komèsyal tou nan lòt klasman zòn itilizasyon teren.

Tablo 1 – Gid Entansite Jeneral

| Zòn Itilizasyon Teren | Koulè sou Kat | Mwayen # Prensipal Blding (pa mil kare) | Dimansyon Mwayen Pasèl (ak-tè) |
|------------------------------|---------------|---|--------------------------------|
| Hamlet | mawon | pa gen limit | okenn |
| Itilizasyon Entansite Modere | wouj | 500 | 1.3 |
| Itilizasyon Entansite Fèb | oranj | 200 | 3.2 |
| Itilizasyon Riral | jòn | 75 | 8.5 |
| Jesyon Resous | vèt | 15 | 42.7 |
| Itilizasyon Endistriyèl | violet | pa gen limit | okenn |



UTILIZASYON PAK ADIRONDACK AK KAT PLAN DEVLOPMAN klase tout teren prive ki nan nan Pak la an sis (6) kategori, ki idantifye selon koulè: hamlet (mawon); itilizasyon entansite modere (wouj); itilizasyon entansite fèb (oranj); itilizasyon riral (jòn); jesyon resous (vèt); ak itilizasyon endistriyèl (vyolèt). Sègman reprezantatif Kat Plan Pak sa a montre sistèm kòd avèk koulè sa a.



Kijan yo klase teren mwen an?

Pou detèmine klasman zòn itilizasyon teren pou yon pasèl teren endividyèl, ou dwe voye yon lèt nan biwo Ajans lan oswa ou dwe rele biwo a.

Èske yo kapab chanje klasman yo?

Yo fè dispozisyon nan Lwa APA pou amannman nan Itilizasyon Teren ak Kat Plan Devlopman nan sèten sikonstans. Chanjman sa yo kapab fèt souvan nan preparasyon ak adopsyon yon zonaj gouvènman lokal ak pwogram itilizasyon teren oswa sou demann yon minisipalite. Rele Ajans lan oswa voye yon lèt ba li pou jwenn plis enfòmasyon.

Klasman teren yo nan Lwa APA deziyen pou konsantre devlopman an nan zòn kote li pi byen sipòte, epi pou kontwòle dansite jeneral devlopman an. Menmsi kèk kalite aktivite entèdi dapre Lwa a, kèk aktivite entèdi tou nan sèten zòn itilizasyon teren.

Lè yo fikse limit sou kantite bilding yo—ak wout akonpayman, netwayaj, sèvis sipò elatriye.—Lwa a mande pou Pak la toujou konsève karaktè espas natirèl lib li, pandan kominote ki nan Pak la kontinye grandi nan yon manyè ki pwoteje anviwònman an. Yo detèmine gid jeneral entansite a selon klasman itilizasyon teren an. Alòske

gid entansite a prevwa dimansyon mwayen pasèl teren pou bati, yo pa dimansyon minimòm pasèl teren; Lwa a detèminen tou dimansyon minimòm pasèl teren diferan. Yo konsidere sèlman teren sipòte pwojè a posede lè y ap aplike gid entansite a. Bidling ki la deja oswa bilding yo pwopoze nan teren vwazen pa konte.

Lwa Ajans Pak Adirondack pèmèt nenpòt gouvènman lokal ki nan Pak la devlope pwòp pwogram lokal itilizasyon teren li ki, si Ajans lan apwouve li, ka transfere kèk otorite pèmisyon Ajans lan ba jiridiksyon gouvènman lokal la.

Ti Vil ki Gen

Pwogram Itilizasyon Teren Lokal Ajans lan Apwouve

Konte Essex: *Chesterfield, Newcomb, Westport, Willsboro*

Konte Fulton: *Caroga*

Konte Hamilton: *Arietta, Indian Lake*

Konte St. Lawrence: *Colton*

Konte Saratoga: *Day, Edinburg*

Konte Warren: *Bolton, Lake George, Lake George Village, Hague, Horicon, Queensbury*

Andedan ti vil sa yo, yon pwopriyetè teren ta dwe toujou konsilte administratè kòd lokal la oswa ofisye aplikasyon an, anplis Ajans Pak Adirondack, nan ka kote gid ak lis kontwòl annapre yo sijere yon pèmi ka nesesè dapre Lwa Ajans Pak Adirondack.



ENTÈPRETASYON CEA_{yo}



Zòn Anviwònman Enpòtan (CEA - Critical Environmental Area) yo se patikilarite ki pi sansib nan anviwònman natirèl Pak la. Yo se sou-kategori klasman itilizasyon jeneral teren epi yo jwenn pwoteksyon siplemantè nan lalwa. Zòn Anviwònman Enpòtan sa yo gen ladan marekaj, altitud ki wo, zòn toutotou rivyè ki deziyen y ap evalye, wout leta ak wout federal, ak teren ki toupre sèten klasman teren leta posede.

CEA yo gen ladan:

- teren nan altitud 2,500 pye oswa plis (sof nan zòn Hamlet yo) pou pwoteje sòl mens ak espas lib la;
- teren ki sou distans 1/8 mil avèk zòn sovaj, primitif oswa kannòt nan eta a (sof nan Hamlet yo);
- teren ki sou distans 150 pye (nan yon zòn Itilizasyon Riral) oswa sou distans 300 pye (nan yon zòn Jesyon Resous) avèk arebò dwa pasaj yon wout federal oswa wout eta;
- marekaj; ak
- teren sou distans 1/4 mil avèk rivyè ki nan etid pou mete yo nan Sistèm Rivyè Sovaj, Paranomik ak Lwazi, sof nan zòn Hamlet yo. (Teren sou distans 1/4 mil avèk rivyè yo klase deja kòm Rivyè Sovaj, Panoramik oswa Lwazi depannde règleman espesyal andeyò zòn Hamlet ak zòn Itilizasyon Modere, epi yo pa deziyen yo kòm Zòn Anviwònman Enpòtan.)

Marekaj yo—ki gen ladan marè, tè mouye, preri mouye oswa marè.



Dapre Lwa APA ak Lwa New York sou Marekaj Dlo Dous, prèske tout itilizasyon teren, tankou drenaj, dragaj, plasman ranblè, estritik, ak sou-divizyon ki nan marekaj oswa ki konsène marekaj bezwen yon pèmi Ajans.

Kisa yon marekaj ye? Marekaj defini kòm: "nenpòt teren ki kapab gen inondasyon anyèl ak dlo chak peryòd oswa k ap kontinye epi yo konsidere souvan kòm yon marè, tè inonde, oswa marekaj epi ki swa (a) yon ak-tè nan dimansyon, oswa (b) toupre yon mas dlo, kote gen yon entèchanj dlo lib, e nan ka sa pa gen limit sou dimansyon." Pwopriyete ki inonde chak sezon prentan ak akimilasyon dlo sifas oswa ak dlo dòmi ka yon marekaj tou, ansanm avèk zòn forè ki gen dlo ki wo nan tè a.

Èske gen yon marekaj nan pwopriyete mwen?

Li ka difisil pou rekonèt marekaj yo. Kèk vejetasyon tankou kenouy, nenifa, oswa move zèb dore se patikilarite espas ki mouye anpil. Lòt kominote plant marekaj yo pa parèt akèl, epoutan


yo konsidere yo kòm marekaj konpetan, tankou preri oswa marekaj epinèt. Sòl marekaj yo ak idwoloji kapab ede detèmine prezans ak limit marekaj yo.

Yon pwopriyete teren ki pwopoze yon pwojè kapab kontakte Ajans lan pou detèminen si yon marekaj sitiye sou pwopriyete li a. Yo fè detèminasyon marekaj yo nan kad egzamen yon demann ranseyman sou konpetans. Pwosesis la gen ladan konsiltasyon kat jewografik ofisyèl marekaj lè genyen sa, ak nan entèpretasyon fotografi ayeryen. Yo ka idantifye marekaj yo tou pandan anplwaye Ajans lan ap vizite anplasman pwojè Ajans lan ap egzaminen yon aplikasyon pou pèmi.

Poukisa marekaj yo bezwen pwoteksyon espesyal? Marekaj yo jwe yon wòl enpòtan nan modilasyon ekoulman dlo nan nenpòt liy pataj dlo, pou redui inondasyon ak ewozyon. Yo filtre polyan epi yo pirifye dlo a; yo bay abita enpòtan pou anpil espès plant ak bèt.

LITORAL

RIVYÈ AK PYEBWA



Adirondack Shorelines

Pami resous ki pi enpòtan nan Pak la se teren ki toutolon anpil milye wiso, rivyè, letan ak lak yo. Lwa Ajans lan ap administre yo bay pwoteksyon pou kalite dlo ak estetik litoral Adirondack lè li kreye limit espas lib, lajè pasèl yo ak restriksyon pou koupe vejetasyon.

Restriksyon sou litoral la aplike pou tout lak ak letan, tout rivyè y ap evalye pou mete nan Sistèm Rivyè Sovaj, Panoramik ak Lwazi, ak tout lòt rivyè ak wiso ki navigab avèk bato; ansanm ak kannòt tou.

Espas lib ak Litoral la e Lajè Pasèl Restriksyon sou litoral la aplike kit yon pèmi Ajans lan nesèsè oswa pa nesèsè (gade Tablo 2). Yo ka redui restriksyon yo sèlman si yo resevwa yon dezakò (gade diskisyon apre tablo a).

Basen ak Abri Bato. Si ou planifye nouvo konstruksyon oswa agrandisman swa yon basen oswa abri bato ou dwe mande si yon pèmi Ajans oswa dezakò nesèsè. Restriksyon pou espas lib ak litoral la aplike pou tout estrikti ki pi gran pase 100 pye kare nan dimansyon sof basen ak abri bato

yo. Men, basen ak abri bato yo dwe konfòm avèk egzijans espesifik pou jwenn egzansyon nan restriksyon sou espas lib ak litoral la.

TANPRI SONJE: Lajè pasèl ki pi gran yo ak espas lib aplike pou rivyè ki klase nan Sistèm Rivyè Sovaj, Panoramik ak Lwazi. Lwa lokal yo ka menm bay plis pwoteksyon—Rele enspektè bilding lokal oswa biwo ti vil la.

Jan san endike anvan, limit espas lib aplike pou tout estrikti, ki pa abri bato oswa basen, ki depase 100 pye kare nan dimansyon. "Estrikti" yo gen ladan bilding, abri, kloti, tank, elatriye.

Tablo 2 — Restriksyon sou Litoral: Lajè Pasèl Minimòm ak Espas lib

| Kalite Itilizasyon Teren | Minimòm Lajè pasèl (pye) | Minimòm Espas lib Estrikti (pye) |
|------------------------------|--------------------------|----------------------------------|
| Hamlet | 50 | 50 |
| Itilizasyon Entansite Modere | 100 | 50 |
| Itilizasyon Entansite Fèb | 125 | 75 |
| Itilizasyon Riral | 150 | 75 |
| Jesyon Resous | 200 | 100 |
| Endistriyèl | NA | NA |

NÒT: Pou sistèm eliminasyon dlo ize, espas lib minimòm ak nenpòt mas dlo oswa marekaj se 100 pye, ki mezire soti nan chan irigasyon oswa lòt eleman absòpsyon rive nan pwen ki pi pre nan litoral la oswa marekaj la.

Yo mezire espas lib yo yon fason orizontal apati pwen litoral la nan mak dlo ki wo a. Si ou anvizaje yon pwopozisyon devlopman, anplwaye Ajans lan ap ede ou detèmine mak dlo ki wo a.

Sistèm Rivyè Sovaj, Panoramik ak Lwazi

Anpil rivyè Adirondack depannde règleman espesyal ak kondisyon pèmi yo adopte dapre Lwa New York sou Sistèm Rivyè Sovaj, Panoramik ak Lwazi (New York State Wild, Scenic and Recreational Rivers System Act). Règleman sa yo aplike anplis sa ki endike nan Lwa APA.

Règleman ajans yo aplike pou rivyè ak teren deziyen ki toupre yo, anjeneral jiska 1/4 mil apati arebò rivyè a. Règleman rivyè a ap chèche pwoteje kalite ak estetik lè yo:

- detèmine yon bann teren toupre ki mezire 100 pye toutolon rivyè kote gen anpil restriksyon pou koupe vejetasyon;
- detèmine lajè minimòm pasèl ak limit espas lib bilding yo (pi gran pase sa ki nan Lwa APA);

- egzije yon pèmi Ajans lan pou pwojè rivyè pou prèske tout soudivizyon yo, kay pou yon sèl fanmi ak kay mobil nan zòn rivyè yo;
- mete restriksyon sou aktivite bato ki gen motè ak sou aktivite avèk motè nan rivyè sovaj ak panoramik ak toupre yo;
- kontwòl konstriksyon pon ak wout;
- entèdi estrikti (tankou baraj) ak aktivite (tankou dragaj) ki ta chanje ekoulman natirèl rivyè a;
- pèmèt kontinyasyon itilizasyon ki pa konfòm ki la deja legalman, men ki egzije pèmi oswa dezakò pou agrandisman oswa chanjman nan itilizasyon an.
- entèdi sèten itilizasyon “ki pa konpatib”; ak
- entèdi nouvo estrikti nan zòn Rivyè Sovaj.

Ki Rivyè?

Ausable, Black, Blue Mt. Stream, Bog, Boreas, Boquet, Cedar, Cold, Deer, East Canada Creek, Grasse, Hudson,

Independence, Indian, Jordan, Kunjamuk, Long Pond Outlet, Marion, Moose, Oswegatchie, Otter Brook, Raquette, Rock, Sacandaga, St. Regis, Salmon, Saranac, Schroon, West Canada Creek ak West Stony Creek.

Fason pou Retire Pyebwa

Anjeneral, pa gen kondisyon pou koupe pyebwa sou pasèl ki pa nan litoral sof si ou planifye pou koupe-netwaye plis pase 25 ak-tè nan tè-wo oswa 3 ak-tè marekaj, oswa si pwopriyete a nan yon zòn Rivyè ki Deziyen. Men, koupaj pyebwa pou preparasyon pou yon pwojè ki mande yon pèmi pa ka kòmanse jouk lè ou jwenn pèmi an; koupaj pyebwa fè pati pwosesis egzamen pwojè a. Ansuit, gen kondisyon pèmi pou konstriksyon chemen oswa wout forè nan marekaj yo.


Toutolon litoral yo, koupaj pyebwa limite nan sa ki annapre yo:

- Nan distans 6 pye ak litoral la, ou pa ka netwaye vejetasyon sou yon distans ki plis pase 30 pousan litoral la (ti pyebwa ak pyebwa) sou nenpòt pasèl teren.
- Sou yon distans 35 pye avèk litoral la, ou pa ka koupe sou yon peryòd 10 zan plis pase 30 pousan pyebwa ki depase 6 pous nan dyamèt a 4.5 pye anwo tè a.

Dyagram ki anba la a montre restriksyon sou koupaj pyebwa yo.

Dezakò yo

Yon dezakò nan restriksyon obligatwa sou litoral la ka aksepte si, sou demann yon pwopriyete teren, Ajans lan detèmine aplikasyon estrik restriksyon sou devlopman nan litoral la ta lakòz pwoblèm pratik oswa difikilte egzajere. Yo dwe fè yon odyans piblik sou chak demann dezakò.



DYAGRAM—Restriksyon Ki Aplike pou Koupe Pyebwa ak Vejetasyon Toutolon Litoral

PWOSESIS

POU PÈMI



Se pa tout pwojè ki bezwen yon pèmi. Pou sa ki bezwen pèmi yo, seksyon sa a bay yon apèsi sou pwosesis pou jwenn pèmi an.

Ranseyman sou Konpetans

Aprè ou fin li gid sa a, apre ou chèche konnen klasman teren ou epi apre ou itilize lis kontwòl ki nan paj 10 ak 11 yo, ou ka gentan konnen si w ap bezwen yon pèmi, men kisa pou fè si ou pa sèten? *Kontakte Ajans lan pou jwenn yon Fòm Ranseyman sou Konpetans!*

Selon enfòmasyon ou bay sou fòm ranseyman sou konpetans ou an (tankou yon deskripsyon pwojè w lan, nimewo kat fiskal la ak istwa posesyon ak itilizasyon pwopriyete a), anplwaye Ajans lan ap fè ou konnen si ou bezwen yon pèmi.

Pwosesis pou Jwenn Pèmi

Depi yo detèmine yon pèmi Ajans



lan obligatwa pou pwojè ou pwopoze a, pwochen etap la se pou ranpli fòm aplikasyon apwopriye a. Ou kapab jwenn fòm sa a nan biwo Ajans lan.

Pou pi gwo pwojè yo an patikilye, yo rekòmande yon reyinyon anvan aplikasyon avèk anplwaye APA anvan ou ranpli fòm aplikasyon an. Reyinyon sa yo itil souvan pou ranpli aplikasyon an epi pou asire ou konprann pwosesis Ajans lan ak prensip pou egzamen. Ou kapab pètèt ekonomize tan ak lajan si ou pale avèk Ajans lan anvan.

Lè APA resevwa aplikasyon an, li afekte li ba yon ofisyè egzamen endividyèl ki tcheke pou wè si li ranpli nèt. Anvan 15 jou almannak, w ap resevwa avi pou konnen si aplikasyon an konplè oswa si li pa konplè. Si li pa konplè, y ap fè ou konnen ki lòt enfòmasyon ki nesèsè espesyalman. Pou tout gwo pwojè yo, avi piblik yo ap mande kòmantè. Lwa APA bay nan ki delè avi Ajans lan ak yon odyans piblik (si li nesèsè) dwe fèt. Delè ki deziyen yo ka pwolonje avèk konsantman Ajans lan ak aplikan an.

Depi aplikasyon pwojè a konplè (sa ki vle di Ajans lan gen tout enfòmasyon ki nesèsè pou egzaminen pwojè a), revizyon jeneral la ap kòmanse.

Kilè yo fè odyans piblik yo? Ajans lan reyini an piblik chak mwa pou konsidere aplikasyon pou pèmi yo. Pou yon ti pousantaj pwojè ki vini nan Ajans lan pou egzamen, yo pran yon desizyon pou fè yon odyans piblik tou. Yo ka pwograme yon odyans piblik pou youn oswa plizyè nan rezon sa yo:

- pou bay piblik la yon opòtinite pou eksprime pwendvi ak opinyon li, sitou anrapò avèk gwo pwojè yo;
- si yon pwojè gen konfli ladan;
- si mèt teren ki toupre pwojè a ka afekte yon fason negatif;
- si gouvènman lokal ki konsène a mande youn; oswa
- si li sanble pwojè a ka pa jwenn apwobasyon (Ajans lan pa kapab bay refi pou yon aplikasyon san li pa fè yon odyans piblik anvan).

Apwobasyon yon Pwojè

Apwobasyon Anplwaye yo. Se anplwaye APA ki pran desizyon sou pifò aplikasyon pou pèmi yo—espesyalman, Direktè Pwogram Kontwòl yo—san yo pa ale kote tout Konsèy Ajans lan. Pwosedi sa a ekonomize tan pou aplikan an nan desizyon anplwaye yo sou pwojè a san li pa tann reyinyon manm ajans lan ki pwograme regilyèman chak mwa a.

Direktè Pwogram Kontwòl yo kapab apwouve pwojè yo sèlman. Nenpòt rekòmandasyon pou yon refi dwe al jwenn Konsèy Ajans lan pou konsiderasyon.

Yo ba ou dwa pou fè apèl devan Komite Kontwòl Pwogram Konsèy Ajans lan kont nenpòt kondisyon pèmi Direktè Pwogram Kontwòl yo enpoze.



Apwobasyon Konsèy la Pwojè sa yo toujou bezwen apwobasyon Konsèy Ajans lan:

- yon sou-divizyon ki gen ladan 50 pasèl oswa piplis;
- yon pwojè Ajans lan fè yon odyans piblik pou li; oswa
- yon pwojè ki gen yon dezakò.

Kondisyon

Apre 98 pousan aplikasyon pwojè yo apwouve. Pifò pèmi yo bay yo gen kondisyon ki la pou pwoteje anviwònman an ak itilizasyon toupre yo.

Lòt Pèmi

Tanpri sonje lòt pèmi yo (federal, eta ak lokal) ka obligatwa pou pwojè ou anplis yon pèmi APA.

Desizyon Ajans lan Kapab Rekonsidere

Pwosedi yo la pou pèmèt ou mande pou yo rekonsidere aplikasyon

ou lan, si Ajans lan pa apwouve li. Ou dwe montre:

- enfòmasyon ou fèk dekouvri oswa prèv ki genyen; oswa
- te gen yon chanjman nan règleman Ajans lan; oswa
- desizyon anvan an te baze sou rezilta enfòmasyon kle ki gen erè.

Aplikasyon

APA gen yon pwogram aplikasyon pou asire lwa yo administre ak respekte kòrèkteman. Si ou gen kesyon oswa si ou vle diskite sou yon zafè espesifik, tanpri rele nou.





LIS KONTWÒL

POU PÈMI



Itilize lis kontwòl pratik sa a pou ede w detèmine si yon pèmi nesese. Nou kontan pou ede ou. Rele nou nan nimewo 518-891-4050.

Twa (3) Lwa Ajans lan administre yo— Lwa APA, Lwa sou Sistèm Rivyè Sovaj, Panoramik ak Lwazi (Wild Scenic and Recreational Rivers System Act), ak Lwa sou Marekaj Dlo Dous (Freshwater Wetlands Act)—yo tout gen yon efè sou si pwojè w lan ap bezwen yon pèmi Ajans lan. Lis kontwòl ki anba la a ap ede ou detèmine si ou bezwen yon pèmi.

Lis kontwòl sa a se pou enfòmasyon jeneral sèlman epi li pa konplè.

Pou detèminen finalman si pwojè w lan bezwen yon pèmi, ou dwe rele Ajans lan pou soumèt yon Fòm Ranseyman sou Konpetans. **Si ou tcheke nenpòt nan sèk sa yo, w ap bezwen yon pèmi.**

| KLASMAN ITILIZASYON TEREN | Toudabò w ap bezwen detèmine nan ki klasman teren pwopriyete w lan ye. OU KAPAB KON-TAKTE AJANS LAN POU EDE W. |
|---|---|
| PWOJÈ KI NAN ZÒN ANVIWÒNMAN ENPÒTAN | <p>Zòn anviwònman enpòtan yo gen ladan marekaj, altitud ki wo, ak zòn ki toupre sèten rivyè, otowout ak teren leta posede. Yon pèmi APA obligatwa nan tout zòn itilizasyon teren pou pifò aktivite devlopman ak sou-divizyon teren ki:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="radio"/> Nan Marekaj yo (gade seksyon gid sa a konsènan marekaj yo). <input type="radio"/> Nan altitud ki depase 2,500 pye <input type="radio"/> Sou yon distans 1/4 mil yon "rivyè y ap evalye," tankou pòsyon Oswegatchie, Osgood, Grasse, N. Branch Saranac, N. Branch Boquet, The Branch, East Stony Creek ak Pleasant Lake Stream. (Yon "rivyè y ap evalye" se yon rivyè yo konsidere pou mete nan Sistèm Rivyè Sovaj, Panoramik ak Lwazi Eta a. Yo deja klase anpil lòt rivyè ak wiso Adirondack nan sistèm nan epi yo depann de règleman espesyal sistèm lan.) <input type="radio"/> Sou yon distans 1/8 mil avèk teren Pwoteksyon Forè Eta a ki klase kòm zòn Sovaj, Primitif oswa pou Kannòt. <input type="radio"/> Sou yon distans 150 pye avèk dwa pasaj pou wout eta oswa wout federal (nan zòn Itilizasyon Riral sèlman). <input type="radio"/> Sou yon distans 300 pye avèk dwa pasaj pou wout eta oswa wout federal (nan zòn Jesyon Resous sèlman). |
| RIVYÈ YO DEZIYEN KÒM RIVYÈ SOVAJ, PANORAMIK, AK LWAZI | <ul style="list-style-type: none"> <input type="radio"/> Anjeneral, yon pèmi APA nesese pou pwojè ki sou yon distans 1/4 mil avèk yon rivyè yo mete nan Sistèm Rivyè Sovaj, Panoramik ak Lwazi Eta a: Ausable, Black, Blue Mt. Stream, Bog, Boreas, Boquet, Cedar, Cold, Deer, East Canada Creek, Grasse, Hudson, Independence, Indian, Jordan, Kunjamuk, Long Pond Outlet, Marion, Moose, Oswegatchie, Otter Brook, Raquette, Rock, Sacandaga, St. Regis, Salmon, Saranac, Schroon, West Canada Creek ak West Stony Creek. |
| SOU-DIVIZYON YO | <p>Yon pèmi APA ka nesese pou sou-divizyon yo. Yo defini sou-divizyon yo angwo pou mete ladan nenpòt divizyon teren an de (2) oswa plizyè pasèl, pasèl teren oswa anplasman bilding (pòsyon pwopriyete a konsève ladan tou) pou vann, anfème oswa pou nenpòt fòm posesyon oswa okipasyon apa. Konstriksyon yon dezyèm bilding oswa kay prensipal oubyen yon kay de (2) apatman sou yon pasèl se yon sou-divizyon.</p> <p>Pou detèmine si yon pèmi obligatwa, yo dwe analize plizyè faktè, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • kantite total pasèl teren, pasèl oswa anplasman ki kreye apati premye pasèl teren an jan li te egziste nan dat 22 me 1973; • gwosè pi piti pasèl teren an nan sou-divizyon ki pwopoze a; ak • pi piti lajè pasèl teren litoral ki nan sou-divizyon an. |

| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|----------------|--------------------------------------|---|-----------------------------|------------------------------|----------------------------------|-------------------------------|-------------------------------|-------------------------------|-----------------------|--------|-----|--------|----------------------------------|------------------------------|---------|-------------------------------|------------------------------|---------|-----------------------|------------------------------|---------|-------------------|------------|---------|
| | <p>Yon pèmi APA nesèsè:</p> <ul style="list-style-type: none"><input type="radio"/> Si kantite total pasèl teren, anplasan oswa inite rezidansyèl ki krewe nan premye pasèl la 22 me 1973 egal a oswa pi gran pase: <table data-bbox="680 362 1451 430"><tr><td>100 nan Hamlet</td><td>10 nan zòn Itilizasyon Entansite Fèb</td></tr><tr><td>15 nan zòn Itilizasyon Entansite Modere</td><td>5 nan zòn Itilizasyon Riral</td></tr></table><input type="radio"/> Pou nenpòt sou-divizyon nan yon zòn Jesyon Resous, zòn Itilizasyon Endistriyel oswa andedan yon zòn Rivyè Sovaj, Panoramik, oswa Lwazi.<input type="radio"/> Pou tout sou-divizyon an, si nenpòt pasèl teren ki pa nan litoral nan sou-divizyon ki pwopoze a pi piti pase: <table data-bbox="680 567 1308 646"><tr><td>40,000 pye kare (0.92 ak-tè)</td><td>Zòn Itilizasyon Entansite Modere</td></tr><tr><td>120,000 pye kare (2.75 ak-tè)</td><td>Zòn Itilizasyon Entansite Fèb</td></tr><tr><td>320,000 pye kare (7.35 ak-tè)</td><td>Zòn Itilizasyon Riral</td></tr></table><input type="radio"/> Si pwojè a gen nenpòt pasèl teren litoral ladan* si swa zòn pasèl ki pi piti a oswa mezi lajè pasèl litoral la pi piti pase: <table data-bbox="680 703 1451 839"><tr><td>Hamlet</td><td>n/a</td><td>50 pye</td></tr><tr><td>Zòn Itilizasyon Entansite Modere</td><td>25,000 pye kare (0.57 ak-tè)</td><td>100 pye</td></tr><tr><td>Zòn Itilizasyon Entansite Fèb</td><td>50,000 pye kare (1.14 ak-tè)</td><td>125 pye</td></tr><tr><td>Zòn Itilizasyon Riral</td><td>80,000 pye kare (1.83 ak-tè)</td><td>150 pye</td></tr><tr><td>Zòn Jesyon Resous</td><td>42.7 ak-tè</td><td>200 pye</td></tr></table> <p>* Yon pasèl teren nan litoral gen ladan nenpòt pasèl an pati oswa annantye nan distans espas lib minimòm ak dlo a pou zòn itilizasyon teren ki konsène a. Lòt lajè litoral aplike si chantye w lan nan yon zòn Rivyè Sovaj, Panoramik oswa Lwazi.</p> | 100 nan Hamlet | 10 nan zòn Itilizasyon Entansite Fèb | 15 nan zòn Itilizasyon Entansite Modere | 5 nan zòn Itilizasyon Riral | 40,000 pye kare (0.92 ak-tè) | Zòn Itilizasyon Entansite Modere | 120,000 pye kare (2.75 ak-tè) | Zòn Itilizasyon Entansite Fèb | 320,000 pye kare (7.35 ak-tè) | Zòn Itilizasyon Riral | Hamlet | n/a | 50 pye | Zòn Itilizasyon Entansite Modere | 25,000 pye kare (0.57 ak-tè) | 100 pye | Zòn Itilizasyon Entansite Fèb | 50,000 pye kare (1.14 ak-tè) | 125 pye | Zòn Itilizasyon Riral | 80,000 pye kare (1.83 ak-tè) | 150 pye | Zòn Jesyon Resous | 42.7 ak-tè | 200 pye |
| 100 nan Hamlet | 10 nan zòn Itilizasyon Entansite Fèb | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 15 nan zòn Itilizasyon Entansite Modere | 5 nan zòn Itilizasyon Riral | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 40,000 pye kare (0.92 ak-tè) | Zòn Itilizasyon Entansite Modere | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 120,000 pye kare (2.75 ak-tè) | Zòn Itilizasyon Entansite Fèb | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 320,000 pye kare (7.35 ak-tè) | Zòn Itilizasyon Riral | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Hamlet | n/a | 50 pye | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Zòn Itilizasyon Entansite Modere | 25,000 pye kare (0.57 ak-tè) | 100 pye | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Zòn Itilizasyon Entansite Fèb | 50,000 pye kare (1.14 ak-tè) | 125 pye | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Zòn Itilizasyon Riral | 80,000 pye kare (1.83 ak-tè) | 150 pye | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Zòn Jesyon Resous | 42.7 ak-tè | 200 pye | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| KAY POU YON SÈL FANMI | <p>Yon pèmi APA nesèsè pou yon kay yon sèl fanmi oswa yon kay mobil nan:</p> <ul style="list-style-type: none"><input type="radio"/> Zòn Jesyon Resous<input type="radio"/> Zòn Itilizasyon Endistriyel<input type="radio"/> Zòn Anviwònman Enpòtan<input type="radio"/> Zòn Rivyè ki Deziyen<input type="radio"/> Marekaj (andedan oswa toupre) <p>Nan lòt klasman teren yo, yon kay pou yon sèl fanmi y ap bati sou yon pasèl teren ki deja gen yon kay oswa lòt bilding prensipal sou li ka bezwen egzamen Ajans lan kòm yon sou-divizyon.</p> | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| LÒT PWOJÈ | <p>Yon pèmi APA nesèsè pou:</p> <ul style="list-style-type: none"><input type="radio"/> Estrikti ki depase wotè 40'. Nòt: yo mezire wotè a ant pwen ki pi wo nan yon estrikti ak pwen ki pi ba nan nivo natirèl oswa oswa nan nivo definitiv sòl la.<input type="radio"/> Nenpòt nouvo itilizasyon komèsyal oswa endistriyel nan tout zòn yo sof zòn Hamlet yo.<input type="radio"/> Yon agrandisman ki totalize 25% oswa plis (kèlkanswa tout agrandisman an fèt yon sèl kou oswa sou yon peryòd tan ki long) yon itilizasyon ki la deja oswa estrikti ki sou lis pwojè rejyonal nan Lwa APA. Nan tout zòn yo, sof zòn Hamlet yo, agrandisman an mezire selon gwosè, dimansyon an pye kare oswa kapasite.<input type="radio"/> Nenpòt kay plizyè fanmi, sètadi, yon estrikti ki gen de (2) oswa plizyè inite apatman apa. Sa aplike nan tout zòn itilizasyon teren yo, sof nan zòn Hamlet. <p>Nan zòn ki anba kontwòl yon pwogram itilizasyon teren lokal ki gen apwobasyon Ajans lan, sèten pwojè nòmalmman ki bezwen pèmisyon yon Ajans ap bezwen sèlman yon pèmi lokal.</p> <p>Restriksyon sou litoral aplike toutolon lak yo, letan yo, rivyè yo ak wiso yo kèlkeswa si pèmi yon Ajans nesèsè.</p> | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |

NÒT

A large grid of graph paper for taking notes, consisting of 20 columns and 30 rows of small squares.

FASON POU KONTAKTE

AJANS LAN

Lè w ap rele, li bon pou gen gid sa a nan men ou. Prepare papye ak kreyon.

Pou kesyon sou...

- **KLASMAN ITILIZASYON TEREN** oswa prezans marekaj sou yon pasèl teren patikilye:

Mande Biwo Ranseyman sou Konpetans lan (Jurisdictional Inquiry Office).

Prepare enfòmasyon debaz sou pwopriyete a tankou:

Ti Vil oswa Vilaj

Non Pwopriyete a

Nimewo Pasèl— sa a se yon seri twa chif (ki separe avèk tirè tankou nimewo sekirite sosyal ou) ki parèt sou bòdwo taks ou. Ou kapab jwenn nimewo sa a tou nan men evalyatè zòn ou oswa nan sèvis taks sou byen imobilye nan konte kote w ap viv la.

- **NAN KI ETA APLIKASYON POU YON PÈMI** ou te voye ye:

Mande pou Pwogram Kontwòl yo.

Si ou gen yon nimewo pwojè ak non evalyatè ki afekte pou li, mande pou li espesyalman. Tanpri sonje moun sa yo sou teren souvan. Li trè enpòtan pou kite mesaj vokal avèk kesyon espesifik ak nimewo pwojè ou.

- **YON DEMANN DETÈMINASYON MAREKAJ SOUPLAS:**

Y ap voye ou ba espesyalis marekaj Inite Analiz Resous la. Si ou kite yon mesaj vokal, li obligatwa pou bay adrès pwopriyete a. Anplwaye yo ap kontakte ou pou pran yon randevou.

- **YON ZAFÈ APLIKASYON KI ANKOU:**

Mande anketè aplikasyon ki afekte pou afè a.

- **FASON POU RAPÒTE YON POSIB VYOLASYON:**

Mande pou Biwo Ranseyman sou Konpetans lan. Tanpri sonje nou pa kapab mennen ankèt sou yon rapò vyolasyon san adrès pwopriyete a. Ou pa bezwen idantifye tèt ou lè w ap rapòte yon posib vyolasyon.

- **RESOUS NATIRÈL OSWA KILTIRÈL PAK:**

N ap voye kesyon yo ba Depatman Planifikasyon oswa ba Inite Analiz Resous. Enfòmasyon yo disponib sou sitwèb ajans lan, epi ou ka jwenn yo nan www.apa.ny.gov

- **AMANNMAN NAN KAT JEWOGRAFIK:**

N ap voye kesyon yo ba Depatman Planifikasyon an.

(518) 891-4050

NEW YORK STATE ADIRONDACK PARK AGENCY

P.O. Box 99, Ray Brook, New York 12977

www.apa.ny.gov



NEW YORK STATE
ADIRONDACK PARK AGENCY
P.O. Box 99
Ray Brook, New York 12977
(518) 891-4050 www.apa.ny.gov